



Pou Piblikasyon Imedya: 23/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RANFÒSMAN PATWOUY LAPOLIS ETA A AK FÒS DE LÒD LOKAL YO PANDAN SEZON VWAYAJ FÈT LA**

***Youn nan plizyè kanpay kontwòl anyèl kont alkòl ak dwòg Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a finanse***

***Fèm ti konstriksyon yo sispann tanporèman pou fasilite depasman pandan peryòd fèt la***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a raple Nouyòkè yo ke Lapolis Eta a ak ajans fòs lòd lokal yo ap patisipe nan yon estrateji aplikasyon lwa nasyonal kontinyèl pou pran mezi represif kont moun k ap kondui avèk kapasite afebli yo pandan sezon fèt sa a. Kanpay "Kondui ak Tèt Klè Oswa y ap Arete W" (Drive Sober or Get Pulled Over) — yon inisyativ ke Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a finanse, — pral dewoule jiska jedi 1e janvyè 2026.

"Nenpòt moun ki pran desizyon pou mete tèt yo oswa lòt chofè an danje pandan sezon fèt sa a pral pran yon kontravansyon oswa fè fas ak akizasyon kriminel", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta nou an gen tolerans zewo pou moun k ap kondui anba enfliyans alkòl ak san reflechi paske sekirite Nouyòkè yo toujou rete pi gwo priorite mwen."

Anplis, pòs kontwòl ak patwouy kont moun k ap kondwi pandan yo sou (driving while intoxicated, DWI), fòs de lòd yo pral siveye chofè k ap kondui ak eksè vitès, ki distrè avèk chofè yo kap vyole Lwa "Mete W Akote" (Move Over), ki egzije pou otomobilis yo pran anpil prekosyon lè y ap depase yon veyikil ki kanpe nan oswa bò wout la.

**Komisè DMV New York la ak Prezidan GTSC a, Mark J.F. Schroeder te deklare,** "Fèt yo se yon bèl moman pou selebre, men ou dwe selebre yon fason responsab. Si w kondui ak kapasite afebli epi w vyole lalwa, w ap fè fas ak konsekans yo epi w ap responsab. Pran tan pou planifye pou w rive lakay ou san ou pa sou, evite distraksyon lè w ap kondui epi ralanti, sitou lè gen anpil trafik oswa move tan."

**Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk la, Steven G. James, te deklare,** "Pandan chofè yo ap kondui nan tout eta a pou ale wè fanmi ak zanmi yo pandan sezon fèt sa a, nou ankouraje yo pou yo priorize pratik kondui san danje. Pa gen okenn eskiz pou kondui anba enfliyans alkòl, epi lè yon moun chwazi pou l kondui apre li fin itilize alkòl oswa

dwòg, y ap mete lavi tout moun an danje. Lapolis Eta a ap kontinye travay avèk patnè lapolis nou yo pou dekouraje epi detekte chofè ki sou enfluyans alkòl yo. Mwen remèsye GTSC pou patenarya yo nan edikasyon ak sansibilizasyon tout moun ki monte nan yon machin nan Eta Nouyòk."

### **Fèmti konstriksyon yo sispann**

Nan kad efò pou fasilite vwayaj pandan wikenn jou ferye yo ki chaje anpil, fèmen liy tanporè pou pwojè konstriksyon wout ak pon sou gran wout Eta Nouyòk yo pral sispann apati 6 a.m. mèkredi 24 desanm rive 6 a.m. lendi 29 desanm, epi ankò apati 6 a.m. mèkredi 31 desanm rive 6 a.m. lendi 5 janvyè 2026.

Sispansyon konstriksyon an akò ak Inisyativ Chofè yo Dabò (Drivers First Initiative) Eta Nouyòk la, ki priyorize konmodite otomobilis yo pou minimize anbouteyaj sikilasyon yo ak reta vwayaj akòz travay nan wout ak pon. Chofè yo dwe okouran ke kèk travay ka kontinye dèyè baryè beton pèmanan oswa pou reparasyon ijans.

Otomobilis yo dwe respekte [Lwa Mete W Akote Eta \(State's Move Over Law\) a](#), ki te elaji an mas 2024 pou egzije chofè yo pou ralanti ak deplase pou tout veyikil ki kanpe sou wout la. Otorite Thruway (Thruway Authority) ak Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ankouraje otomobilis yo pou yo rete vijilan pandan y ap kondui, ralanti epi mete yo sou kote an sekirite lè yo wè yon veyikil sou bò wout la. Lavi otomobilis yo, travayè sou wout yo ak pèsònèl ijans yo depann de li.

Espas pou kanpe pou voye tèks yo, sa gen ladan enstalasyon pou estasyonman ak pran woulib (park-and-ride) yo, espas arè pou repoze yo, zòn sèvis yo ak pakin yo ki sou otowout eta yo ap soutni efò eta a pou redui kantite moun ki distrè pandan y ap kondui yo. Otorite Thruway (Thruway Authority) Eta Nouyòk la pral kontinye tou ak tradisyon li an nan ofri kafe gratis ak te cho bay vwayajè yo nan zòn sèvis yo sou Thruway lan soti 11 p.m. nan Reveyon Nouvèl Ane rive jiska 7 a.m. nan maten Nouvèl Ane pou ankouraje moun yo kondwi an sekirite epi ak an alèt.

Tout 27 zòn sèvis ki sitiye sou Thruway Eta Nouyòk la ouvri kounye a. Otomobilis yo ka [wè zòn sèvis yo](#) epi planifye arè yo sou sit entènèt Otorite Thruway la ak sou [aplikasyon mobil gratis](#) la, ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk tou nan sikilasyon nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon yo sou Thruway la.

Vwayajè yo ka verifye tou 511NY NYSDOT la anvan yo vwayaje, lè yo rele 5-1-1, lè yo vizite [sit entènèt 511 lan](#), oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la sou [Apple App Store](#) oswa [Google Play](#). Sèvis gratis la pral pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo, wè 2,219 kamera sikilasyon epi relye a enfòmasyon ayeryen ak transpò. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Kondui (Drive), ki sonnen pou avèti moun k ap kondui sou yon wout yo chwazi si gen aksidan osinon konstriksyon.

**Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Chofè ki sou enfliyans mete non sèlman tèt yo an danje, men tou lòt moun an danje lè yo fè move chwa epi yo pran volan an. Pandan sezon selebrasyon sa a, nou vle raple chofè yo ke sa ki pi enpòtan se rive lakay yo an sekirite al jwenn fanmi ak zanmi. Epi avèk kondisyon metewolojik ivè ki toujou ap chanje, tanpri sonje ralanti epi fè yon ti plas pou kamyon chasnèj, machin ijans oswa machin pou moun ki gen andikap yo. Aksyon w dèyè volan an gen yon enpak dirèk sou tout lòt moun sou wout la, kidonk asire w ou fè bon chwa yo anrapò ak sekirite pandan sezon fèt sa a."

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta Nouyòk la, Frank G. Hoare, te deklare,** "Pandan sezon fèt sa a, nou vle tout moun rive nan destinasyon yo an sekirite epi avèk mwens reta. Nou ankouraje chofè yo pou yo prepare pou evènman move tan, kite plis tan pou vwayaje epi gen founiti ijans nan machin nan. Anplwaye nou yo ak pèsònèl ijans yo travay san rete epi lavi yo depann de chofè yo ki ralanti epi ki deplase san danje pou tout machin ki sou bò wout la. Nou remèsye patnè nou yo nan Twoup T nan Polis Eta Nouyòk la paske yo fè patwouy sou Thruway la epi kenbe otomobilis yo an sekirite."

**Cherif nan Konte Chautauqua ak Prezidan Asosyasyon Sherif Eta Nouyòk la, James Quattrone, te deklare,** "Avèk sezon ivè a ki rive, li pi enpòtan pase tout tan pou nou pa kondui anba enfliyans alkòl oswa yon fason agresif. Depi koulye a jiska jou nouvo ane a pral gen anpil rasanbleman ak selebrasyon ak fanmi epi zanmi. Pral gen plis aplikasyon lalwa tou pou detekte, bay tikè, e menm arete chofè danjere yo. Kondwi avèk kapasite afebli oswa agresif vin pi danjere toujou ak nuit lan ki vini tonbe pi bonè epi wout yo gen posibilite pou gen glas oswa lanèj. Cherif Eta Nouyòk la vle ou pwofite sezon fèt sa a epi pou ou se yon chofè ki koutwa lè ou pa kondui anba enfliyans alkòl oswa agresif."

**Prezidan Asosyasyon Chèf Lapolis Eta Nouyòk la ak Depatman Chèf Lapolis Lapolis Mount Pleasant, Paul Oliva, te deklare,** "Nan sezon fèt sa a, sonje: Ralanti, tache senti w, epi pa janm bwè lè w ap kondui. Fòs de lòd yo pral soti ak tout fòs pou asire ke tout moun rantre lakay yo an sekirite. Ann kenbe kominote nou yo an sekirite epi kondui yon fason ki responsab."

Kanpay ranfòsman trafik sa yo finanse pa Komite GTSC, ki ankouraje ak sipòte patisipasyon ajans fòs lòd yo nan nivo eta, konte ak lokal yo nan efò aplikasyon lwa ki gen gwo vizibilite. Finansman sibvansyon yo gen entansyon kontwole davantaj sikilasyon an ak angajman pandan peryòd sa yo nan ane a, tankou jou ferye yo, lè gen plis potansyèl pou chofè ki gen kapasite afebli akòz alkòl oswa dwòg yo sou wout la.

Pandan represyon ane pase a, fòs de lòd yo te bay 129,686 kontravansyon nan tout eta a. Nan kontravansyon sa yo 23,339 ladan yo se te pou vitès, 4,205 se te pou chofè ki distrè, 3,230 se te pou senti sekirite, 981 pou "Lwa Mete w Akote" ak 4,264 moun yo te arete paske yo te kondwi ak kapasite afebli. 93,667 otomobilis te resevwa kontravansyon pou lòt enfraksyon.

Done Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk yo montre ke arestasyon krim ak deli pou kondui yon machin pandan li anba enfliyans alkòl oswa dwòg lakòz yon kondanasyon nan apeprè 90 pousan ka yo.

Lapolis Eta Nouyòk, GTSC a ak Administrasyon Nasyonal Sekirite Sou Otowout pwopoze tou konsèy sa yo pou rann sezon fèt la pi an sekirite pou tout moun:

- Planifye fason pou w rantre lakay ou an sekirite depi avan selebrasyon kòmanse;
- Avan w bwè chwazi yon chofè ki p ap bwè pou kondwi;
- Si kapasite w afebli, pran yon taksi oswa yon sèvis machin pataje, rele yon zanmi oswa manm fanmi ki pa gen kapasite afebli, oswa itilize transpò piblik.
- Itilize pwogram moun ki pa sou k ap bay woulib ki disponib nan kominote w la.
- Si w ta remake yon chofè ki sou nan wout la, pa ezite kontakte biwo lapolis lokal la;
- Si w konnen yon moun ki pral kondwi oswa monte moto pandan li nan yon kapasite afebli, pran kle yo epi ede yo fè lòt aranjman pou yo rive nan destinasyon yo an sekirite.

GTSC a ak Fondasyon STOP-DWI Eta Nouyòk la ap raple otomobilis yo ke [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) lan, disponib pou telefòn entèlijan Apple, Android ak Windows. Aplikasyon an ap pèmèt moun Nouyòk yo lokalize epi rele yon sèvis taksi oswa sèvis pataj machin epi pwograme yon lis chofè yo chwazi. Li bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon DWI yo, epi bay yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi pandan li anba enfliyans.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)